ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM
25 май 2023 год № 10 (530)

...я считаю что эта газета должна быть
4.05.2004.
А.-Х. Кадыров

ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ

ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА
ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

ВАЙН ЗИЙАРТАШ

КАРАТАЕВ ШАЙХ МОЛЛА (Махьма-Хьаьжа)

Каратаев Махьма-Молла БІаьчи-Йуьртахь ваьхна ву. Молла, Махьма-Хьаьжа олуш хилла цунах. Накъшбандин тІарикъатехь а волуш, Ташу-Хьаьжин мурид хилла иза. Схьавалар Дагестанера хилла цуьнан. Къордойн тайпана хилла Махьма-Хьаьжа. Дийцарехь, цуьнан дай Іаьрбийн махкара хилла. Дагестанехь баьхна уьш.

1834-чу шарахь Нохчийчу баьхкина, Веданахь Іийна уьш дуккха а шерашкахь. Аьхкинчу-Барзехь йуьртан къеда хІоттийна хилла Махьма-Молла. Цигара бІаьчийуьртахоша шаьш долчу схьавалийна иза. Оцу йуьртана мелла а герга.

Боккха доьзал хилла цуьнан. Махьма-Хьаьжин хІусамненан цІе Іаша хилла. Виъ кІант – ИбрахІим, Исаакх, Минкаил, Якъуб; йоІарий – Маймат, Эхират, Минат хилла цушиннан.

Муридаша зуькар, накъшбандин мурдаша санна, хевшина Іаш, меллаша дІадоладо. Цул тІаьхьа чІогІачу макъамехь до. ХьалагІовттий, шовкъаш йеш, Іовдин муридаша санна. Іовдин а, Махьма-Моллин а уллера гергарло хилла. Махьма-Моллас хаийтина Іовде и зуькар шена хазахеташ хилар. Іовдас аьлла: «Кестта хьан муридаша а дийр ду иштта». Цул тІаьхьа цуьнан муридаша а долийна иштта зуькар дар.

Шен хІусамехь ор даьккхина хилла цо. Цу чохь, халбата хиьна, дукха зама йаьккхина, Дела хьехош Іамалйеш.

Цуьнан кІант Исаакх шайх хилла. Дин лелош берш бехаш ца хилла советийн Іедална. Чувоьллина иза, набахтера цІа ца веана.

Дукха жайнаш хилла цуьнан дас Моллас цунна дитина. Уьш Іедало дІадаьхьна, лар йоцуш дайна.

Дела хьехор алсамдаккхийта, вирдаш тІедехкина Моллас шен муридашна.

БІаьчи-Йуьртахь зерат ду шайхан Махьма-Моллин. Цигахь наха доІанаш до, Деле диканиг доьху, вуочух лардар доьху.

Дала къобалдойла церан зерат!

М. Заурбеков

ХАТТАРШ А, ШАРИІАТЕХЬ ЖОЬПАШ А

Бицлуш болчу нахехь йерг цамгар йу ала мегар долуш, ламазехь вицвалар бахьана долуш бала хьоьгуш нах бу. ХІун дан деза ламаз дарна а, эцарна а?

Иштта вицвалар Дала стеган хьекъал дІаайар ду. Иштта вицвелла стаг бехке хир вац цхьана а хІуманна, хІунда аьлча «Таклиф охІла» волчуьра дІаволу иза, декхарш тІедехкинчуьра дІаволу иза. Иштта ша вицваларна, цхьаьнга схьа а хьоьхуьйтуш, дан деза аьлча, ца деза аьлла, жоп делла. И цунга Дала хІоттийна хьал ду, тохара таза волчу хенахь дина долчу ламазел лекха лерина Дала хІинца цо, шена дан а лууш, дина ламаз. Цундела хІинца цо, шена дан а лууш, дина ламаз. Цундела цунах тешна хир ду вай, Дала мукъ лахь.

Ламаз эцарехь а, дарехь а цхьаболу нах сих-сиха бицбалар долуш хуьлу, масала, ламаз дан дІахІоьттича, «АллахІу Ак-бар» олий доьхку. ТІаккха ша нийса ца дихкина моьттуш, йуха а, йуха а доьхку. Ишттачу хьолехь хІун дан деза?

Къуръана чохь аьлла ду: «Оха дуьненчохь йеха оьмар йелла дукха вахийнарг, дуккха а шерашкахь ваьхнарг, шен кхолларехь: хьекъалехь, дегІехь эшавеш, йухахьовзаво». Стаг къанвала воьлча, цуьнгара ницкъ дІаболу, бІаьрса гІелло, лерса хазарна ледара хуьлу, церг-кхела телха, хьекъална де мел дели эшаме хуьлу. Иштта Дала вайна тІехь кхоьллина хьал ду стаг хІуманна вицлуш хилар а. Иза хІора а дукха ваьхна волчу стагехь ду. Вай дицдаларна, эс дІадаларна, Далла гергахь бехк хир бац вайна тІехь. Цу хьокъехь кхоллалучу хаттаршна жайнашкахь хІара а, хІара а дийр ду ахь бохуш, жоьпаш ду.

Ламаз оьцуш волу стаг вицвеллехь, цкъа йилира те ша хІара меже йа шозза йилира те бохучохь, ша цкъа йилина хилар коьрте а лаьцна, ша шекволу меже йуха а йуьлур йу цо.

Ткъа ламаз дечу хенахь ша вицвеллехь, дукха дийши ша йа кІезиг дийши аьлла, шек велахь, масала, кхоъ дешнарг схьа а лаьцна, диъ доьшур ду. ТІаккха, ламаз дина ваьлча, салам далале, вицваларан сужуд дийр ду шозза.



Доьзал цхьаьна ламаз дан дІахІуттуш, да мичахь хила веза? Нана мичахь хила йеза? Доьзал мичахь хила беза? Церан дІахІиттар муха хила деза?

Дела реза хуьлда и хаттар дайтинчарна, Дала ийманехь сов-бохийла уьш. И тайпа хаттар хазахета суна, хІунда аьлча, шайн доьзалца, шайн цІийнан охІланца жамаІат ларда гІерташ хилча, доьзалан ийман чІогІа хиларан билгало йу. Пхийттара ваьлла боьрша стаг хьалхаваьлла хила веза, тІаьхьахІуттуш шиъ божабер делахь, оцу имамана тІехьа дІахІуттур ву, цхьаъ бен вацахь, аьтту агІор цхьажимма йухаозавелла дІахІуттур ву, цул тІаьхьа зударий хІуьттур бу. Оцу кепара ду цуьнан низам.

Ша Іуьйкъа-ламаз дечу хенахь «доьзалан каффаратан шиъ ракаІат суннат» олуш долу ламаз а дина, хІинца и дан ца оьшу аьлла хезна шена, цунах лаций алахьа боху цхьана зудчо.

Важиб дина Дала тІедехкина долу ламазаш Къуръанца билгалдина ду. Лелоза ца довлуш долу суннаташ, Элчанан (ІалайхІи-ссолат вас-салам) хьадисашца а долуш , цо лелийна хилла йолчу билгалонашца а долуш асхьабаша схьаоьцуш хилла ду. ХІинца оцу зудчо, шен доьзалан каффаратан олий, деш долу шиъ ракаІатан ламаз «ТатІаввуІ» ду – Далла муьтІахь хилар ду. Дела, Элча хилар хууш, Цо делларг бен цхьа а ниІмат шена а, шен доьзална а доций хууш, шен доьзал ларбар Деле доьхуш, Далла хьасталуш йу и зуда. ХІара мегар дуй-даций бохург нехъан къамел ду. ХІара йан йеза аьлла йазйина цахиларх, цо йинна йолу Іамал дин дохош йац, цунна меле йазйеш йу. «Каффаратан» аьлла а ца доьхкуш, «ТІатІавуІ» шиъ ракаІат суннат ламаз аьлла, дехка деза и ламаз. Мага-м муххале а мегар дара и дан, массо а нана йелара оцу кепара шен доьзал Деле боьхуш.

Сурт долчохь ламаз дан мегар дуй?

Цу хьокъехь хьадис ду Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна): «Сурт долчу цІа чу малик догІур дац» аьлла. Цундела и суьрташ бехкаме ду, цуьнан тапсир дича, чу са кхоьллича, денделла дІахІуттур долуш и сурт хилча, мегар дац аьлла сацийна Іуламааша. Берашна ловзон акхарой, лаца меже йолу адамийн куьцехь хІуманаш йа басарщца дехкина суьрташ чохь хиларх лардала деза. Делан къинхетам къаьхкар бу цу цІийнах. Хьовсал, тахана дуьне девзина вайна, дуккха а нах Маккахь а, Мединатехь а хилла, цигахь цхьанна а маьждиг чохь дІатоьхна ма дац цхьа а тайпа сурт. Оцо гойту и цамагош хилар. Магош хилча, Іибадат дечу цІа чохь хир ма дара уьш.

Хаттарина жоьпаш делла КЪКФО-н Іелимнехан кхеташонан куьйгалхочо Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас

ШЕЛАРА ХЬАФИЗ ЖИМА ДАУД

Шелахь Іаш ву хьафизийн школехь доьшуш волу жима Бисултанов Дауд Абдул-Бакиевич. Дауд вина 2014-чу шеран асаран беттан 22-чу дийнахь. 8 шо долчу жимачу Дауда дуьненахь а, эхартахь а шена пайде хин болу некъ хаьржина.

Оцу жимачу кІентан дахарх лаьцна ладогІа а, цунах лаьцна статья йазйан а, кхиболчарна иза вовзийта лиира суна.

Шеларчу хьафизийн школин директоран заместитель волчу Хадаев Шамаде цхьацца хаттарш дира ас, цо дийцира суна жимачу Даудах лаьцна:

«2022-чу шарахь тІеэцаран экзаменаш йара, оцу экзаменашка веана Дауд цигахь дика чекхваьлла ву. Оццу шеран товбецан беттан 5-чу дийнахь деша арадевла тхо. Тхан кхузахь, хьафизийн школехь уггаре а коьрта ши бехкам бу, 9-12 хенаш йолчарна, Къуръана тІера тІаьххьарлера «Іамма» жуз дагахь хаар. ДегІана жима волу Дауд тхайна схьагича, массара хьаста а хьаьстина, мел хан йу хьан? - аьлла хьаттира. Шен 8 шо ду элира Дауда. Ткъа оха 9 шо дерг бен дІаоьцуш ма вац, 8 шо хилча жима ву хьо, ларор вуй-те хьо, ницкъ-м хир бац-те хьуна? - аьлча, хир бац шен элира цо. Кхузахь хан йаккха волавелча, беттанаш дІаэха доладелча, цІа сагатло хьуна, мамина сагатлуш хуьлу хьуна, аьлча, гатдийр дац ша элира цо. Мухха а, жима ву аьлла цкъа йукъа ца вуьтуш хІума дира оха, ша йукъа ца витича, холча хІоьттина аравелира Дауд. ТІаккха массара а дехарш дича, чу а валийна цунна хІун хаьа хьожуш хаттарш дича, вуно дика чекхвелира Дауд. Пхеаннаш дохуш чекхвелира экзаменашкахь.

Дас-нанас тІетаІийна а воцуш, шен лаамца веана ву Дауд хьафизийн школе, вуно чІогІа ван лууш веана. Дика доьшуш схьавогІуш ву. Массо а хІуманна дика тІаьхьа кхуьуш ву иза, дика жамІ ду цуьнан. Кхуза схьавеачхьана хІокху 9 баттахь цкъа а шега бехк баккхийтина вац иза. Массаьрца гІиллакхе а волуш, цхьамма цхьаъ деш гича, улле а хІуттий шега гІо дайта бохуш, оццул дика кІант ву Дауд. Сан лулахо ву Дауд, со воккхаве иштта лулахо сайн волуш».

Иштта вовзийтира вайна жима Дауд директоран заместитела Ш. Хадаевс.

Дела реза хуьлда Даудан дена-нанна иштта ийманах дуьззина дог долуш кІант кхиорна, иштта шайн доьзал ийманехь кхиош болчу дайшна а, наношна а.

Халидова Макка

ТО ЧТО НАДО ЗНАТЬ

ПОЧЕМУ ВСЕВЫШНИЙ ЗАПРЕТИЛ АЗАРТНЫЕ ИГРЫ?

Вопрос: **«Почему лотереи и азартные игры являются грехом?».**

Ответ: «Время, что Всевышний даровал человеку для поклонения, не должно расходоваться впустую, ведь расточительство (исраф), чрезмерность — это безрассудная трата того, из чего можно было бы извлечь пользу. Поэтому Всевышний Аллах в Коране обозначил это, как грех».

О негативном влиянии азартных игр, с точки зрения психологии и социологии, говорится достаточно много.

- Азартные игры вызывают разрушение и разногласия в семейной жизни. Многие в последующем утрачивают жизненные ценности, честь и напрочь забывают о своей религии. Наш Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) призывал укреплять свои семьи, а не разрушать их.

- Азартные игры очень быстро становятся привычкой, от которых очень трудно избавиться.

- Заработанные таким образом деньги считаются харамными, зачастую игроки вновь тратят их на игровые карты, лотереи и другие виды азартных игр.

- Частое участие в игре и добывание на это денег может привести человека к игромании.

В Священном Коране говорится: «Они спрашивают тебя об опьяняющих напитках и азартных играх. Скажи: «В них есть большой грех, но есть и польза для людей, хотя греха в них больше, чем пользы» (сура «Корова», 2/219).

«О те, которые уверовали! Воистину, опьяняющие напитки, азартные игры, каменные жертвенники (или идолы) и гадальные стрелы являются скверной из деяний дьявола. Сторонитесь же ее, - быть может, вы преуспеете» ***(сура «Трапеза», 5/90).***

Так же сказано: **«Не пожирайте незаконно между собой своего имущества и не подкупайте судей, чтобы пожирать часть имущества людей, сознательно совершая грех»** ***(сура: «Корова», 2/188).***

«О те, которые уверовали! Не пожирайте своего имущества между собой незаконно, а только путем торговли по обоюдному вашему согласию. Не убивайте самих себя (друг друга), ведь Аллах милостив к вам» ***(сура «Женщины», 4/29).***

От вреда азартных игр и социальной катастрофы важно защищать окружающих нас людей, особенно членов нашей семьи.

В Священном Коране сказано: «О те, которые уверовали! Оберегайте себя и свои семьи от Огня, растопкой которого будут люди и камни. Над ним есть ангелы суровые и сильные. Они не отступают от повелений Аллаха и выполняют все, что им велено (сура «Запрещение», 66/6).

Есть множество хадисов, в которых наш Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) запрещал игры в нарды: «Тот, кто играет в нарды, тот непокорен Аллаху и Его Посланнику (да благословит его Аллах и приветствует)» (Абу Дауд, «Адаб», 56; Ибн Маджа, «Адаб», 43; Малик, «Муватта'», 6; Ахмед б. Ханбал, «Муснад», IV, 394, 397, 400).

Исходя из вышеперечисленного можно понять, что:

- азартные игры и лотереи считаются «грязными» деяниями;

- считается, что это все проделки шайтана;

- Всевышний предписывал сторониться от них;

- подобными играми шайтан подпитывает распри между людьми;

- Всевышний приказал сторониться этого ради спокойствия в обоих мирах;

- Аллах указал нам, что азартные игры являются причиной к порождению ненависти и раздора.

Творцу лучше известно о том, что является для нас лучшим!

«Ислам сегодня»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

РЕДАКЦИН ГЕРГАРПОНАШ

«ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ» ГАЗЕТАН ДОТТАГІ – ИСМАИЛОВ ІАЬРБИ

Пхийтта-йалхийтта шо хьалха, хIинца санна хаза бIаьстенан малх кхеттачу дийнахь дара иза, суна хьалха гина вара, амма йуххера вевзаш воцу ши къонах, чу ван мегар дуй, аьлла, «Исламан зIаьнарш» газетан, сан белхан кабинета чоьхьа велира. Салам делла, куьйге ца вогIуш маракхийтира. Со кхийтира, шаьшшиъ сол ханна жима волу дела соьца лаьцна гIиллакх дара цу шимма гучудаьккхинарг. Иза суна товш, хаза ларам бар хийтира. Хьеший охьаховшийна, хьал-де хаьттина даьлча, шаьш беана некъ бовзийтира. Соьца гергарло дезаш, йуххера вов-за лууш и коьрта Iалашо йолуш ду шаьшшиъ кхуза варан бахьана элира. ЦIера Хьалха-Мартан кIоштарчу ГIой-Чу (СаIдикIотар) йуьртара ву – Исмаилов Iаьрби (Сулейман), Гакаев Iаьрби (Iийса). ТIаьхьо хиира суна, цхьаъ –журналистикехь иттаннаш шерашкахь дуьйна гергарло долуш хилар, важа – байташ йазйеш, хилла ваьлла поэт хилар.

– Схьакховдийна гергарло дIатоьттачарах дац вай, – аьлла, – Соьгара оьшучунна со волуш ву-кх шуна муьлххачу хенахь, вайн наьIарш даима йиллина йу-кх шуна, – къобалбина тIелецира ас беана некъ. Гуш дара церан йаххьаш серлайевлла, самукъадалар.

Иштта, оцу дийнахь тасаделла гергарло тахана а соьца схьадохьуш ду церан.

Карарчу хенахь, вайн махкахь дика вевзаш, везаш волу РФ-н йаздархойн Союзан де-къашхо Гакаев Iаьрби ву шех ала шортта диканиг долуш, шен арайелла книгийн гуларш йолуш, цуьнан дешнашна тIехь даьхна иллеш ду наха дезаш, ладугIуш. Дала мукъ лахь, цунах а, цуьнан кхолларалех а дош олуш хан йогIур йу. Ткъа тахана цуьнан йуьртахо а, гергара а стаг волчу Исмаилов Iаьрбех лаьцна ду вайн дийцар. Цуьнан ши бахьана ду: Iаьрби дуьненчу ваьлла 70 шо кхачарца а, кхолламаллин новкъахь къахьоьгуш волу 50 шо кхачарца а доьзна.

Исмаилов Iаьрби дуьненчу ваьлла белхалочун доьзалехь генарчу казахийн махкахь Семипалатинск гIалахь 1953-чу шеран бекарган беттан 12-чу дийнахь. Дуьххьара хьалхарчу классе деша вахна цигарчу гIалин № 18 йолчу школе. Итт класс чекхйаьккхина Сибрехара доьзал цIабирзинчул тIаьхьа, дай баьхначу Хьаха-Мартанан кIоштарчу ГIой-Чу йуьртахь. Дешна техникумехь, пхьар-гIишлойархо говзалла карайерзош. Лаккхара дешаран заведенехь доьшачура йукъахвала дезна доьзалехь кхолладеллачу хьолана, боккха доьзал болчу дена оьшура йуххехь белхан накъост. Iаьрби доьзалехь воккхахверг вара.

Дуккха а шерашкахь шен дена йуххе хIоттина Омски областехь гIишлошйаран бригадехь къахьегна ву. Йукъкара белхаш бина цIахь а: пионервожатый, радиокорреспондент, йуьртда, бухгалтер. Амма коьртачу декъана цунна дезнарг, цуьнан даго шовкъ-марзо йолуш тIеэцнарг – иза газетаца долу гергарло ду. Ша ишколехь доьшуш волчу хенахь дуьйна таханлерачу денна тIекхачалца схьадахьаш ду Исмаилов Iаьрбис, доттагIаша – Сулейман олий, йоккху цуьнан цIе, зорбанца долу гергарло. КIоштан газета тIера волавелла, гIалахь арадолучу газетийн а, масех книгин а, журналин а агIонаш тIаьхь арабийлина цуьнан тайп-тайпанчу жанрашкахь йазбина белхаш.

Иштта вайн газетахь зорбане валар нисло кхуьнан. Оха зорбане даьхна цуьнан Шайх Митаев Iелех, цуьнан накъост лаьттинчу Хаджиев 1умарах, иштта кхойкху ИбрахIиман дахарера бакъдерш, шина номерехь арайаьлла йолу «ХьаьжцIа боьду некъ» цIе йолу материал, гIаш ХьаьжцIа баханчу нохчийн 7 стагех вов-шахкхеттачу тобанех, цара массийтта баттахь бинчу халчу некъах лаьцна, тобанан хьалхаваьллачу Хьалха-Мартан гIалара вахархочо Юсупов Сайд-Селима хIора дийнахь некъаца динчу йозанех пайда оьцуш.

«Исламан зIаьнарш» газет кхолладелла 30 шо кхочуш лерина арадаьллачу газетан агIон тIехь цуо йаздина вайн бусалба динан газето шена а, шен гергарчарна а мел пайден хIума гучудаьккхина. Динех доьзна кхолладеллачу дуккха хаттаршна жоьпаш карадо, Пайхамарех, эвлайаэх, шайхех, дикачу нахех, церан дахарех, цара вайна тIаьхьа дитанчу дикчу масалех шуь-йра пайда иэца аьттуо хуьлу.

Билгалдаккха догIу, Исмаилов Iаьрбин сих-сиха хуьлу редакци вар. Со волчу чоьхьаволуш, зерати веъна ша олий, чоьхьа волу. Суна хааделла цуо массо а, аьлла, йаздархойн, Iилманчийн кхоллараллина лерина йечу суьйренашкахь, презентацишкахь дакъалочуш хилар, шен геннара схьаван дезашехь. Иза ву Айдамиров Абузаран цIарахчу къоман библиотекехь вов-шахтоьхначу кхоллараллин «Литературни хьешацIа» цIе йолчу тобанан декъашхо. ХIора баттахь шозза гулло, хьошалгIа кхайкхинаг хуьлу махкахь гIарабевлла болу Iилманчаш, йаздархой, артисташ. Дуьйцу церан дахарех, кхоллараллин некъах лоций, хIора тобан декъахочуьна бакъо йу хьешига хаттар дала, цуо жоп ло. Цхьаьнакхетар дерзош безамна сарташ доху. ХIора, аьлла, цхьаьнакхетарх дуьйцуш статьяш арайовлу республикан коьрта газеташа агIонаш тIехь.

Iаьрбех лаьцна дийца кхиъ хир дара, делахь дийцар дерзош билгалдаккха лаьа цхьа хIума: Iаьрби адам дукха дезаш стаг ву. Iамал-Iибадат дарца, маьждаге, зераташка боьду некъ хер ца беш, цамгарца волчунна тIехIуттуш, гIилачунна шега далун гIо деш, тезеташка, наха кхайкханчу мовлди-сагIе воьдуш, йуьртахь, кIоштахь йукъараллин гIулкхана оьшучохь дакъалоцуш схьавогIу Iаьрби.

Цуьнан ирс хилла шен дахарехь дуьненна гIарабевлла похIма долу нах бовза, цаьрца гергарло лело. Вахар-вар нисделла Советан пачхьалкхе йукъайогIуш хиллачу дуккха а республикашкахь, дозанал арахьа а.

Цуьнан цIийнах шен хенахь махкахь бевзуш Iелам а, дешна а нах хилча, Нохчийчохь цIе йоккхуш хиллачу бусалба нахаца гергарлонаш лелийна цара. Оцу хиллачу хазчу гергарлонех йаздан Iалашо йолуш ву ша, аьлла, хаийтира суна Iаьрбис. Иза дика хIума ду, тIаьхьенашна хаийта деза дайш лелийна гергарлонаш, уьйр-марзонаш хедийта ца йезийла, бусалба дин чIагIдарехь ондда бух бу иза.

Дала вовшен дезар лойла вайна.

Заурбеков М.

ПАДОГІА НОХЧИЙН МЕТТАН ІИПМАНЧИН КЪАМЕПЕ

ЦІЕНА НОХЧИЙН МОТТ ХІУНДА БАЦ БУЬЙЦУШ?

(Йуьхь йеша 9-чу номерехь)

Адаман чархехь мотт лелочу, и бахочу дегIан меженех коьрта кхоъ йу: хье, дог, мотт. Хьеш телхина догIу, дегнаш иймах, къинхетамах дакъаделла. Мотт бисина, доллучунна а бехке хилла. Шега схьакховдийна кхача аьзнашка берзор бен, кхин гIора доцуш бу иза. Нийса дуй-те, багара мотт бехке ларар? Бехкениг корта а, дог а ду. Вай олу: хаза мотт бу цуьнан, говза мотт буьйцу цо, дукха меттанаш хаьа цунна, олий. Амма, халахеташ делахь а, боьха мотт бу цуьнан, беха мотт бу цуьнан, жIаьлин мотт бу, мотт бетташ ву, мотт хьоькхуш ву – иштта а ма олу вай. Ткъа цунна бехкениг йуха а багара мотт бац, ур-атталла вай буьйцу мотт а бац бехке. Коьрта чуьра хье а, кийрара дог а ду бехке. Дала а ма боху вайга, Хастам бу Цунна: «Со шун матте хьоьжуш вац, со шун даге хьоьжуш ву». Вайн хье чохь кхоллайеллачу, даг чохь лаьттинчу ойланан IиндагI ду мотт. Даг чуьра схьадуьйлучу хьостанан чоргIе ду буьйцу мотт. Дагах схьаIийдало мерза, къаьхьа, чаьмза, дуьра мутт ду мотт. Вайн даг чохь доцург меттан буьххье ца кхочу. Стеган ойланехь эмкал йелахь, цуьнан IиндагI хорбаз хила йиш йац. Вай билггалчу новкъа нисдийриг мотт бац, вайн дахаран тай нисдийриг бац мотт. Мотт вай дечу гIуллакхан гIирс бу. Коьртаниг кхочушдийриг ойла а (дог-ойла), ша дог а ду. Коьрта чуьрачу хьега хьаьжжина, башх-башха хила тарло цу гIирсах адамо йийриг. Цу ойланан доладар коьртерчу хьекъалх ду. Iилманан дешнаш девза вайна, «базис а, надстройка а» бохуш долу. Нохчийн маттахь кхето хьаьвсича: бух а, цу тIера гIишло а бохург ду иза. Бух – иза адаман дог-ойла, кхетам, ткъа тIера гIишло – иза адамо буьйцу мотт. Бухарчу бухе терра хир йу тIера гIишло. Мотт коьрта а бу, цуьнга дерриге а дало бохург харц кхетам бу. Масала, моттцахуург схьаэцча. ЦIена дог-ойла а, кхетам а бу цуьнан, ткъа мотт бан а бац. Хьалха ойла кхоллало, цунна тIаьхьа лела мотт. Адамо шен цхьа хьашт кхолладелча бен, ца олу цу хьокъехь. Хьагвелча бен, ца доьху хи, вуьйцург мила ву хиъча бен, ца йоккху цуьнан цIе. Цунах нийса цакхетарехь ду меттан хьокъехь вай дечу къамелийн коьрта гIалат. Масала, цхьамма элира бохуш (цуьнгарчу Iилманан мах хадош ца воллу со), хезна суна: «Багарчу хIокху сайн матто лелош ву со». Хезначун ойла йича, шен хабаро, кицанашца кечдинчу, дустаршца кхелинчу, исбаьхьаллин сурт хIотторан басаршца къагийначу шен къамело вина шех лераме а, сийлахь а стаг бохург ду иза. Вайна цуьнгара ца хезна цIеначу, кIоргачу шен хьекъало, хьаналчу дог-ойлано, адамашка мерза хьежаро айина шен сий-ларам бохург. ТIаккха, куьце къамел а Iамийна (нехан къамел дагахь Iамийна а), халкъана иза дIакхайкхийча, богIур бу-кх сий-ларам?! Ма атта ду иза! Къамел хаза хиларх, иза гуттара а цIеначу даг тIера Iийдало ала хала ду. Амма цIеначу даг чуьра цIена къамел бен схьадогIург цахиларх теша вай. Къамел толкха хиларх а, дог-ойла сакхт йоцуш хила йиш йу. Бакъду, сакхте ойланан стом сакхте бен кхоллалур бац. Ойла тойан йеза!!! Дог цIандан деза!!!

«Даг тIе мохь лаца-йелла», – олу вай ойла тIомайаьллачунна. Дог цIандан адамна гIийла хилар оьшу. Дала къайле тойойла Церан! Эвлайааш холбата булуш хилла, шайн догIмаш гIелдан. ГIорасиз чарха чохь са а гIийла хуьлу. ТIуртIи-КIотарарчу КIункIин Умалхьате цхьамма хаьттина хиллера, хIуъа хиларх, бIаьргех хи а долуш, велхалуш вац ша, дог чIогIа ду шен, и хIун ду-те аьлла. «Кхаа дийнахьбуса йуучух ца кхеташ Iехьа, гIийла бежана гича а, велха дог догIуш хир ву-кх хьо», – аьлла хиллера Умалхьата. Дуьнен тIехь, сом доцург, кхин хIумма дан а дуй-те бохург дагахь хилар ду кхераме. И санна волчунна дерриге а дицло: гIийланиг-мисканиг, заьIапниг, гIорасизниг… Шен къоман мотт, ша винчу шен ненан мотт а цхьаьна. Соьман лай хилла висар кхочу иштта-чуьнга. Цунна гIиллакхаш а дицло, оьздангалла а йицло, там-товр… шарI-Iадат а дицло. Ахчано-бохчано дерриге а дIанисдинчуха дог-ойла кхоллало цхьаволчун, доллучунна а шен бакъо йу моттало, шех мел даьлларг гIиллакхе ду олий, ойла чIагIло цуьнан. Шен цIийнах, шен ворхIе дайх мел дерг а дицло. Иштта-чун хье бассало, дог дакъало, маттах цхьа а йоцург хуьлу. Дог доцчу нохчичо буьйцучу нохчийн маттал дуьззина дог долчу нохчичо бийцина кхечу къоман мотт токхе хила герга ду. Аьтто-таро йолу нах йуьрта чохь алсам мел хили а, вайна пайда бу иза – халкъан экономикин бIогIамаш ду уьш. ШарIе диллича, закатан барам а хьалаболу. Ткъа иза Далла дезнарг ду! Дуьйцучух нийса кхетийта боху ас: аьтто-таро товш хуьлу нохчичуьнгахь, цуьнга ша ловзавойтуш иза вацахь. Цуьнгахь вуно тов нохчийн мотт а, гIиллакх-оьздангалла а, доьналла а. «Вуьззина нохчийн кIант ву иза», – бохург тов. Ткъа шегахь «нохчалла» доцчо буьйцу нохчийн мотт а чаьмзо хуьлу.

Оьздачу адамаша буьйцуш хаза бу нохчийн мотт. Халкъ, дийнна схьаэцча, цIена ду, оьзда ду, хьекъале ду. Шен мотт аьшнашбар ца лов халкъо. Халкъ доккха ду, халкъ сийлахь ду. Халкъаца а, къоман маттаца а забарш йан мегар дац, цхьаьнгге а кхаьчна йац къоман кхолламах шена луъ-ург дан бакъо. Мотт къоман бу, мотт къоман бахам бу. Сий-тIалам беш, шен меттан доладийриг къам ду. Нохчийн меттан Iилма а ду кхиъна, кхуьуш а. Iилма а, Iилманан некъаш а Iилманчашна оьшу. Халкъана мотт дIахьеха а, халкъе шен къоман мотт Iалашбайта некъаш леха а Iилманчашна оьшу Iилма. Халкъана, цIе йаьлча санна, сихонца оьшург меттан Iилма дац. Профессорша талламаш бан беза – ненан мотт хазбеш, марзбеш, и адамийн дегнаш чохь чIагIбеш долу некъаш довзуьйту долу талламаш. Хьоьхучара, халкъана а, Iилманна а йуккъехь зIе а латтош, и талламаш эвсаралле берзо беза. Тахана мотт нийса бийца а, йаздан хаъане а ца хууш волчу стагана кIорггера чулацам болуш йолу статьяш йа монографеш ца оьшу. Мотт йукъара дIа ца балийта Iалашо лаьцна долчу халкъана, цIанбеш, мотт нийса бийцар, нийса йаздан Iамар оьшу. КIорггера хаарш долчу меттан говзанчашка керла кепаш, некъаш лохуьйтуш, керла журналаш, газеташ, радион, телевиденин керла передачаш йукъайахарца дан деза и гIуллакхаш. Эвсараллера дIайевлла, ширйеллачех тера а йоцуш, мелла а керла, вайн заманан лехамашца йогIуш а йолу, кегийрхойн хьежамашна жоп луш а йолу, амма нохчийн къоман гIиллакх-оьздангалла лар а йеш йолу керла кепаш каро йеза. Дахар кхиъна, кхидIа кхуьур ду, ткъа керлачу чкъурана нийса Iаткъамбаран кепаш ширанаш йу хIинца а. Цу декъехь вай хIумма а ца дина бохург дац иза. Iаламат дукха а, мехала а ду динарг, амма, динчух, тоам а бина, совца йиш йац. Цу декъехь болх жигарабаккха беза. ХIоранна а хаьа, ша мила ву, шегахь мел Iилма-хаарш ду. Шена хуург кхоо ца деза, амма шегахь доцчунна моттаргIанаш лело маггане а мегар дац.

Къоман мотт цхьаъ бен бац, хила йиш йолуш а бац. Доллучу а къомана оьшуш бу нохчийн мотт. Цхьана билггалчу кIоштахь, йа цхьана билггалчу йуьртахь, йа куьпахь буьйцучух къоман мотт ца олу. Уьш диалекташ йу. Диалекташ, Iилманан а, фольклоран говзанчаша гул а йина, талла а теллина, зорбане йаьхна, йовзийта йеза. Нагахь халкъо шена эшахь, дезар дийр ду царах, нагахь ца эшахь, словарехь йуьсур йу. Литературни мотт олу вай йозанна магийначу, йукъаралло шех дезар оьцучу маттах. Шен йуьртахь йа кIоштахь бен ца йевзачу диалектизмашца литературни мотт талхо гIерта ца беза журналисташ а, йаздархой а. Нажи-Йуьртара, йа Аьккхара, йа Теркайистера, йа Ламаройн хуьлийла иза. Диалект диалект йу. Диалектах нохчийн литературни мотт хир бац. Зорбанна а, радиона а, телевиденина а тIе куьг кхочучу нехан мелла а аьтто болу иштттаниг дан. Тайп-тайпана дешнаш ду йукъакхуьйсуш. Цара мотт бехбо, талхабо. «Бабо», «мамо», «вешо», «йишо», «децо», «стаго», «йоIо»; «йаззош ду (йоза)», «баззош бу (кхоллам)», «Вахха вара», «аьлла дара», «аьг дац», «аз хуг дац», «тхан бергаш», «шун бергаш», «цуьнцани» «хьоьцани». Сан а, кхечеран а диалектизмаш йу уьш, вайн маттана мехала а йолуш, вайна оьшуш а йолуш – нохчийн мотт хьоле беш йолу. Масала, Нажи-Йуьртан кIоштарчу ТIуртIи-КIотарахь олу: «ЧIуьлиган гIожмаш санна (шортта, дукха)», «Пезин далла санна (Iаьнна, йаьржина)», «Шал-дукъа (гена)», «Эламирзин шовда санна (шийла)». Тхан йуьртахой вуно дика кхета церан маьIнех, амма теркахой а, чIебарлой а, ткъа иштта кхечу йартийн бахархой а ца кхета. Иза литературни маттара къамел ду бохуш, цаьрга бехкаш даха бакъо йац сан, йа церан – соьга а. Литературни моттий, диалекташший вовшех къасто йеза бохург ду вай дуьйцург. Царах хIораннан а шайн-шайн йу мехалалла а, пайдаэца беза меттиг а. И цахуург телевизор чу ма гIерта. Йа шен белхан декхаршца шена и тIедоьжна делахь, Iамо хьажа веза. Ненан мотт Iамор – иза йайдакх говрахь космосе гIо бохург-х даций!

Мотт хуучара, цуьнца бала болчара дегабаам бо, къоман мотт аьшнашбича. Нохчийн йуьхь-сибат долуш, тайна куцкеп долуш волу стаг телевизор чохь гойту. Даккхий декхарш шена тIехь а долуш, халкъан дахаран дийнна цхьа дакъа кара а делла, охьахаийна волчу стаге ладогIа охьаховшу хьовсархой. Шен белхан говзанча ву иза. Амма цуьнан къамел кхеташ ца хуьлу, маьIнаш талхош хиларна. Цу стаге йуьхьанца кхоллайелла шовкъ сихонца гIелло: цунна бехке бу цо буьйцу «нохчийн» мотт. Оьрсийн а, кхечу меттанийн а дешнаш йукъадалорца, догIуш делахь а, дацахь а, ша «грамотный» хилар гучудаккха гIерташ верг а хуьлу. Кхечу меттанийн дешнаш йукъахь а доцуш, ша дина къамел беркъа хеташ, дерзина хеташ, саготта хуьлу цхьаверг. Иза нийса муххале а дац, мелхо а, телхина гIуллакх ду. Масала, «Сельский администрацеш собраться дина», «прокуроры районаш тIекхайкхина», «студенты филфака сесси дIало», «Мэры городаша субботникаш организовать йина». Изза деш цхьаболу куьйгалхой а бу. «Посевной участкаш пахать йина, бороновать йина, весенний посевана стопроцентный подготовка а йу тхан», йа «Послеоперационный период дика протекать деш ду, цул тIаьхьа реабилитационный действеш дIахьур йу, полный восстановлени хиллалц». ГIуллакхаллин (деловой) стилехь нохчийн мотт лело Iемина ца хилча, иштта буьйцу мотт. Ткъа литературни нохчийн маттахь иштта хила деза: «Бабас», «мамас йа нанас», «вашас», «йишас», «децас», «стага», «йоIа»; «йаздеш ду (йоза)», «йазбеш бу (кхоллам)», «вахара йа ваханера», «элира йа аьллера», «эр дац», «иза хир дац», «тхан берш йа тхайнаш», «шун берш йа шуьнаш», «цуьнца» «хьоьца». Къамел нийса хир ду иштта дича: «Йартийн администрацийн куьйгалхой схьагулбелла», «районийн прокурораш тIекхайкхина», «филфакан студенташа сесси дIало», «гIаланийн куьйгалхоша субботникаш вовшахтоьхна», «Дуьйш-дерзо латтанаш аьхна а, мекхабаьккхина а ду, бIаьста йалташ дIадерна буьззина кечам а бу тхан», «Операци йинчул тIаьхьа болу мур хила ма-безза дIабоьдуш бу, цул тIаьхьа могашалла меттахIотторан гIуллакхаш дIахьур ду, хила дезачу хьоле кхаччалц.»

Ма аьхна, кIеда-мерза бека нохчийн мотт ша бевзаш а, буьйцуш а волчун озехь. Ма хьалдолуш бу иза! Муьлхха а хазахетар, халахетар дIаалало нохчичуьнга цу маттахь. Ма зевне дека цу маттахь «Дада. Нана. ДоттагI. Йиша. Даймохк. АЛЛАХI» боху дешнаш. Ткъа дуй-те хIокху доккхачу дуьненахь, нохчаша санна, цадашарца ненан маттана инкарло йеш долу кхин къам?! Шен къоман, Даймехкан, ненан, ненан меттан тIалам цабарна эхартахь бартхоттур бу, боху. Цундела ала лаьа:

Iамабе нохчийн мотт,
кIентий, шен дуьххехь!
Бийцийша, мехкарий,
йеш цуьнан чот!
Мункаре, Накире
эхартан дуьххьехь
Муха вай лур ду-те
хаттарна жоп?

Лаьттахь а, хи чохь а, хIаваэхь а мел йолчу садолчу хIуманашна йукъахь кхетамболуш кхоьллина цхьа адам бен дац. Нийсаниг-гоманиг, диканиг-вониг, шениг-неханиг вовшех къасто кхетам бу адамехь. Иштта кхетам Дала ца белла дийнаташна, олхазаршна, акхарошна. Амма шайн тобанах дерг-доцург къасто, шийла-йовха къасто, кIорнеш кхио а, уьш кхаба а хаьа царна. Аллах1а делла иза царна. БIешерашкахь, эзаршерашкахь шайн тобанан гIиллакх лардеш, дийнатийн йа акхаройн Iедал ца талхош, деха и синош. Шайн кIорнеш кхиор тайптайпана ду церан. Iилмано дийцарехь, и гIуллакхаш, цхьана а кхетамо хьоьхуш а доцуш, кхочушдо цара. Шайн дахар довзар, дIадахьа хаар делла царна Дала. Вай цIераш йаьхначу синошца дуьстича, адам ма башха хIума йу. Шайн дахар довзар, дIадахьа хаар доцург, и шайн дахар хийца, и кхолла, кхечарна иза пайдехь долуш дIахIотто хаар а делла адамна. Лаьтта тIехь низам лардан пачхьалкхан Iедал делла, Делера низам лардан динан Iедал делла. ХIетте а Iаш дац адам, низам талхош бен. Шайна ца магийна даарш мерза хета, шен къоман доцу гIиллакхаш деза, шайна хийрачу къаьмнийн духарш хазло, цIармата уьш мел хили а, жирга ца хеташ. Акхароша а, дийнаташа а эзарнаш шерашкахь лардечу церан дахарна йукъагIерта, царна кхерамаш а туьйсуш. Къаьмнаш вовшашца ца тарло, тIемаш бо. Къаьмнийн культураша зазадаьккхина мур бу (цивилизаци) бохуш, хIуъ-хIуъа а тардолуьйту. Шена хьакъдоцчу гIанте кхийда даржан дуьхьа.

03 →

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ПАДОГІА НОХЧИЙН МЕТТАН ІИПМАНЧИН КЪАМЕПЕ

ЦІЕНА НОХЧИЙН МОТТ ХІУНДА БАЦ БУЬЙЦУШ?

←02

Миска уьйраш тоьду, мерза гергарлонаш хедадо. Даккхий совгІаташ дан гІора долчаьрца гергарлонаш лоьху, шаьш ца дешашшехь, захалонаш до цаьрца. Изза кхаьчна тахана нохчийн адамашка а. И уьйраш, марзонаш дІалело мотт оьшу. Мотт харжарна тІекхочу гІуллакх. Токхе берг, сане берг, цуьнгахула шена пайда хинберг – шен-шен некъана беркате берг, дукха лерина лохий, къастабо. Оьрсаша – ингалсан мотт, туркоша – Іаьрбийн мотт, гуьржаша – оьрсийн мотт, и дІ.кх. Ткъа нохчийн матто нохчашна мел пайда бохьу?! Захалонаш дийцар, синкъерамаш лелор, иллеш-эшарш лекхар. Кхин?! Ойлайича, кхин дан а дац. Цунах таро йина Іен йиш йац кхузаманан нехан. Тоьлла даарш, деза духарш, Іаьржа машенаш, лекха бІаьвнаш, деши-дети. Нохчийн маттах тешна Іийча, царна тІе кхочург цахилар девзина царна. Дуьненайукъара политика а, экономика а йац цу маттахь йуьйцуш. Интернетан цІарматчу сайташ чохь а бац нохчийн мотт, цхьана а пачхьалкхан ахчан тІе йазбина а бац, Іаьржачу машенийн хьаьркаш тІехь а бац, банкийн мухІарш тІехь а бац, мехалчу (ценные бумаги) кехаташ тІехь а бац. ТІаккха нохчийн маттах хІун до? Иза стенна оьшу? И Іамош, къа а стенна хьоьгу?

Амма шен меха хІумма а доцу нохчийн оьздангалла а, дозалла а ду-кх цкъа а лийрбоцчу нохчийн маттехь! «Нохчалла!» ду-кх нохчийн маттехь! Дуьненан пачхьалкхийн векалша: «О! Шешан! Шешан! Кадиро-ов!» – аьлла, нохчий хастийча, дог доккхадоьй, хьаьвза – цІера а, арара а – муьлхха а нохчи.

ЮНЕСКО-с бинчу талламца… нохчийн мотт дуьнен тІера дІадовла гергадолчу меттанех лору. Мотт дІабаьлча, къам а дІадолу, нохчий кхечу къомах дІаоь. Шаьш дІайийначу къоман мотт Іамо дезар ду нохчийн. Лаахь а, ца лаахь а! Цуьнан гІиллакхаш схьаэца дезар ду. Лаахь а, ца лаахь а! Заманан йохалла захалонаш а дийр ду, цу къоман ловзарш а деш. Ден-ненан кошан барз а цу къоман битамехь хІоттор бу. ХІунда? «Нохчи» бохург олуш йа йаздеш хир дац. Чуччара чуччадуьйлуш, кетар санна, харцахьа а дуьй-луш, дІагІур ду и гІуллакх. Цунах олу доьхна де. Дийна а волуш, къемат-дийне кхачар ду иза. Иза валар, къам далар ду. Валарал а доьхнарг ду иза. Цул тІаьхьа нохчичо хІун до дуьненах? Цул тІаьхьа нохчичо хІун до бахамах, даьхнех, дешех-детех, даржах… Шайн дайшкахь дуьйна лай хилла лаьттинчийн лай хилла ваха везахь, товр дуй нохчичунна? Дика ойла йича, цу тІе догІу иза.

Вайн республикин Мехкдас Кадыров Рамзана, цу дийнах къам лардеш, кхайкхам бо вайга. ЛадогІа вай! Накъостий хила хьовса вай!

Р.А. Кадыровн кхайкхамо дог ир-карахІоттийна, йукъйиххина, нохчийн меттан гІайгІа бан арабевлла дуккха а нохчийн дика кІентий а, оьзда мехкарий а. Дала аьттобойла церан! Дала сийдойла церан!

Цхьана адаман йа йукъараллин – хІораннан а цхьацца хІума ду сийлахь: стеган цІе, да-нана, Даймохк. Адаман сих а, цІийх а дІайийна ду уьш. Ткъа йукъараллин а (хуьлийла иза пачхьалкх йа къам) ду сийлахь хІуманаш. Масала, Байракх, Герб, Гимн. Байракхан сий-тІалам бо халкъан векало. Баьрчехь дІатарйо вай Пачхьалкхан Герб а. Пачхьалкхан Гимн локхучу хенахь, хьалагІовттий, сий-ларам бо вай. Къоман цІий а, хьацар а хуьйдина, халкъаца цхьаьна цІергахь а, дорцехь а йахчайелла Сийлаллаш йу уьш. Нохчийн къоман йуьхь а, адамалла а, оьздангалла а – деза а, гергара а, хьоме а мел дерг дерриге а шайна чухуьйдина цу кхаа дашо. Ткъа къоман мотт?! Мотт бораха бац Байракхал, Гербал, Гимнал. Мелла а беза а, бІаьрла а бу. Къоман са а, сий а, дог а ду ненан маттана чудиллина. Нохчийн меттан дешнаш дац Гимнехь дерш? Нохчийн къоман хьаьркаш йац Байракхна а, Гербана а тІехь? Соьга хьаьттича, цу могІанан коьрттехь хила хьакъ бу къоман мотт – ненан мотт – нохчийн мотт. Байракх, Герб, Гимн аьшнашйинчунна законца таІзар до. И нийса а ду. Ткъа хІунда дац ненан мотт аьшнашбечунна таІзар дан закон?

…ХІор шарахь даздо вай оханан беттан 25-г1а де – Нохчийн меттан деза Де. Ас даиманна а декъалбо – цІера а, арара а – берриге нохчий оцу сийлахьчу денца. Могуш а, ирсе а хуьлийла хІор нохчи! Дика кІентий а, оьзда мехкарий а алссам кхуьийла беркатечу Нохчийн Лаьтта тІехь!

Джунаидов Аюб,
Нохчийн меттан институтан лакхара Іилманан белхало

ЙАЗДАРХОЧУН СУЛАЕВ МУХЬАММАДАН ДОІАНАШ

Сулиман ЦІоьбигІеран Абун воІ Мухьаммад Сулаев ГІойтІахь вина 1920-чу шарахь. Школехь, тІаккха Соьлжа-ГІалахь рабфакехь дика доьший, 1941-чу шарахь Бакохь лоьрийн Институт чекхйоккхий, лоьран говзалла Іамайо Сулаев Мухьаммада.

Цуьнан да Абу ГІойтІара ИбрахІим-Хьаьжица гергарло долуш, керла хІоьттинчу Советийн Іедалан амалш йевзаш, йукъарчу хІуманах дика кхуьуш, хьекъал долуш стаг хилла. Цундела шен доьзале дешийта аьтто бaьккхина Абус. Лоьрийн говзалла дика тІаьхьало йолуш хир йуйла хууш хилла цунна. Мухьаммад шен ден лаамехь дешарехь дика кхиамаш бохуш хилла.

Мухьаммад стихаш йазйан хьалххе волавелла, шен 14–15 шо долуш. Дуьххьарлера шен говзар «Малх тулур бу» цо йазйо 1943-чу шарахь Итон-Кхаьллахь ша лор болх беш волуш. Оцу поэмин чулацам патриотически бу. Кхечу кепара хуьлийла а дацара. СССР-на тІелетта луьра мостагІ. И мостагІ Іаьржачу боданан суьртехь ву. И бода, маьлхан серлоно иэша а бина, дуьне паргІат доккхур ду. Цу кепара метафорически аллегорех пайдаоьцу къоначу поэта.

Схьахетарехь, бусалба Іилманах а, нохчийн халкъан поэзех а кІорггера кхиъна хилла Мухьаммад. И билгалдолу Сулаев Мухьаммадан 1942-чу шарахь цо Итон-Кхаьллахь ша лор болх беш волуш йаздина доІанаш дешча.

ДоІанаш нохчийн фольклоран уггаре а ширачех жанр йу. Цуьнан чулацам АллахІ-Деле беш болу кхайкхам бу, дехар ду. Ткъа нохчийн исбаьхьаллин литературехь доІанийн поэзин лиро-эпически жанр кхуллуш дуьххьара къахьега волавелларг Сулаев Мухьаммад хилла. Шеко йоцуш ду къоначу поэта нохчийн фольклоран поэзех, къаьсттина нохчийн халкъан доІанех, пайдаэцна хилар. И гІуллакх вай лахахь Іилманан талламца масалш а далош тидаме оьцур ду.

Ткъа кхузахь вай билгалдоккхур ду поэтан доІанийн уггаре коьрта маьІна – Сулаев Мухьаммад АллахІ-Делах тешар, цо бусалба дин, ийман кІорггера кхетамца тІеэцна хилар. Цундела вирзина и доІанашка. Амма и чІогІа къайлах хилла, нагахь ца хиллехь Мухьаммад дийна а вуьсур вацара цу заманахь.

И хан Сулаев Мухьаммада, ша-шеца ойланаш йеш, АллахІ-Деле кхойкхуш, цуьнга дехарш деш, исбаьхьаллин лаккхара чулацам болуш, философски маьІна долуш доІанаш кхуллу хан йу. ДоІанашца йу цуьнан бакъйолу поэзи, дагтІера йолу ойланаш. Царах цхьадерш вайга схьакхаьчна –1996-чу шарахь уьш «Орга» журнала тІе «Сан доІанаш» аьлла, Шайхиев Іалвадигахула зорбатохийтина М.Сулаевс. Оцу доІанашна тІаьхьа Шайхиев Іалвадис Мухьаммадера эцна интервью а йу «Делан диканца!» аьлла цІе а йолуш. И ший а хІинца воцуш ву. АллахІ-Дала декъалбойла уьш!

Дешархошна Сулаевн доІанаш довза аьттонна хІокху статья тІехь уьш йуха а зорбане дохур ду вайн ТІетохаран декъехь.

Дешархойн аьттонна, доІанашна тІера масалш далош, доІанийн а, стихийн а могІанийн рогІалла терахьашца билгал а йоккхур йу – хьалхарчу терахьо доІанийн рогІалла къастайо, ткъа шолгІачу терахьо доІанийн поэзин рогІера могІа билгалбоккху.

Сулаев Мухьаммада ша доІа кхоьллина хан а, меттиг а леррина билгалйоккху. Цундела поэтан кхолларалла толлуш волчун аьтто бу хІора доІанан нохчийн халкъехь цу хенахь хилла йолу истори а, социальни хьашташца йолу уьйраш а къасто, поэтехь болу сингаттам а, кхетам а гайта.

Хьалхара ши доІа Итон-Кхаьллахь 1942-чу шеран эсаран беттан 15-чуй, 25-чуй деношкахь кхоьллина ду. КхоалгІа доІа 1948-чу шеран мангалан беттан 12-чу дийнахь нохчийн халкъ дохийна долуш Казахстанехь йаздина ду. Цул тІаьхьадогІу диъ доІа нохчийн халкъ ДегІастана цІа дирзинчул тІаьхьа 1965-чу шарахь кхоьллина ду. 8-гІий, 9-гІий доІанаш цІахь 1967-чу шарахь йаздина ду. Ткъа иттолгІаниг, шен цІе «Къайлахара аз» йолу, драматизированни исбаьхьаллин говзар йу. Иза доІанан жанрана йукъайогІуш йац. Цу тІехь бац доІанехь санна Кхоьллинчуьнга беш кхайкхамаш йа дехарш. Амма Цуьнгара буй-техьа аьлла хаалуш хьехамаш бу хІокху поэмин лирически турпалхочунна буьйсанна кхо сахьт даьлча 1969-чу шеран бекарг беттан 9-чу дийнахь гІенах дуьхьалтесна. ХІара говзар поэма йу ала бахьана ду, кхуьнан лирикан а, драмин а, эпосан а билгалонаш хиларна. Уьш вай тІаьхьо къастор йу.

Ткъа доІанаш чулоцу хан 27 шо зама йу: 1942-чу шарера 1969-чу шаре кхаччалц. Ша поэт доІанаш йаздан волалуш ткъе ши шо долуш, кхиъна вогІуш, лаккхара дешна лоьран говзалла йолуш Итон-Кхаьллахь болх беш къона стаг ву. И хан Советийн пачхьалкхо Германица уггаре хала а, луьра а тІом бен хан йу.

Ала деза, советан Іедало 1920–1940-чуй шерашкахь нохчийн халкъ ша большевикаша лединийла а, шена тешнабехк бинийла мадарра кхиъна хилла. Дешна Іеламнах къиза хІаллакбина хилла, йарташкахь къахьоьгуш баха гІерташ болу нах, шай долаллех а баьхна, хенаш тоьхна, чубоьхкина, йа Соьлжа-ГІалахь ЧК-хь байъина. Большевикийн Іедало лелош йолу харцо ла а ца йелла, цІера арабевлла, шайн синош довдийна лаьмнашкахула лелачу ткъех обаргах бахьана а дина, масийтта бІе къайлах болу НКВД-н белхахой арабаьхна хилла Советийн Іедало, «обаргаш» бу аьлла цІе а тиллина. Цхьана агІор оцу «обаргаша» хьийзош, Советийн Іедало вукха агІор хьийзош хилла нохчийн йарташкара бахархой. Цул сов, Советийн Іедало, колхозашкахь мах ца луш, трудоденош йаздо бохуш, нах лебеш, мехаза болх бойтуш, Іазапехь латтош хилла нохчийн халкъ, кхидолу халкъаш санна.

Иштта цІахь чолхе дахар доллушехь, Даймахкана (СССР-на) луьра мостагІ 1941-чу шарахь тІелетча, эскарехь болчу нохчийн тІемалоша исторехь цІе йоккхуьйтуш, майраллийдоьналлий гойтуш, йуха ца бовлуш тІом беш хилла. Брестехь немцошна дуьхьал тІемаш бинчу цІечу эскархошца 250 гергга нохчийн тІемалой хилла. Царах цхьаъ ву Итон-Кхаьллара Советскийн Союзан Турпалхо Узуев Яьхьян Мохьмад. ТІом дІаболабеллачу хьалхарчу деношкахь дуьйна шен турпаллин некъ дІаболабо Нурадилов Ханпашас. Пулеметан тачанкин говраш лелорхо бен ша воццушехь, дукха тІом бина воццушехь, шен тІеман синкхетам, майралла, доьналла гайтарца доккху Ханпашас дуьххьарлера тІеман совгІат. Эскаран хьаькама хІун совгІат де ша аьлча, Ханпашас пулемет йехна хилла. Оцу герзаца 920 мостагІ вийна Нурадиловс, разведкашка оьхуш шийтта немцо йийсаре валийна. Шен нохчийн къоман сий айдина хилла Нурадиловс бІаьхаллин хьуьнарщца.

Нохч-ГІалгІайн ВКП(б) обкоман цІарах 1942-чу шарахь 4-гІа гвардейски кубански гІалгІазкхийн дошлойн корпусан командушис инарлалейтенанта Кириченкос дайитинчу кехата тІехь йаздина: «Ваши люди, представители Чечено-Ингушетии, дерутся в боях замечательно, показывая пример и мужество настоящих сынов нашего народа» («Шун нах, Нохч-ГІалгІайчоьнан векалш, тІамехь дика лета, вайн халкъан доьналла а, къонахалла а гойтуш»).

Ткъа цІахь болчара бІеннашкахь шайн лаамца тІаме бахийтар доьхуш военкоматашка заявленеш делла хилла. Оцу хенан сурт дика хІоттадо «Комсомольски правдин» тІеман корреспондент хиллачу, тІаьхьа гІараваьлла оьрсийн йаздархо хилла дІахІоьттинчу Анатолий Калинина шен дуьххьарлерчу «Искры над Грозным» цІе йолчу литературин очеркехь. Цо йаздо: «Грозный называли прифронтовым городом… В военкоматы шли толпы: безусые юнцы и седые ветераны…».

Мехала ду цо шен очеркехь зорбатоьхна Вашиндарарчу воккхачу стага Ильясов Исалис ша тІаме вахийта аьлла йаздина заявлени: «Сан кхузткъе ворхІ шо кхаьчна, амма сайн дегІехь ницкъ хаало суна хІинца а. Сан лаам бу ЦІечу Эскаран могІарехь мостагІ ата. Со дошлойн дивизе дІаэцар доьху ас. Сан дехар кхочуш ца дахь, сан сий лахдина хетар а ду суна».

Пхийтта шо кхачаза волу макІажо Алиев Ваха къайллаха Висаитов Мовлидан эскадронца тІамтІе воьду. Нохчийн халкъ ДегІастанера дохийна Сибрех дахийтича, Алиев Вахас Сталине девне кехат йаздо. Хан ца кхачарна, АллахІ-Делан къинхетам хьалха а болий, тоьпаш ца тухуш кІелхьара а волий, итт шарахь Колымахь чохь воллу жима Ваха, амма къар-м ца ло, ша динчунна дохко а ца волу.

Цу кепара хилла йукъара хьал ДегІастанехь (Нохчийчохь) тІом болабале а, болабеллачу хьалхарчу шерашкахь а Сулаевс шен дуьххьара доІанаш кхуллучу хенахь. Кхин а цхьа шой, биъ буттий ца кхоччуш хан йисина хилла нохчийн халкъ дохийна Сибрех дахийта. Поэта оцу хенан муьрехь кхоьллина ши доІа а, «Малх тулур бу» цІе йолу поэма а. Уьш йешча, вайна хаало Сулаевгахь болу кІорггера сингаттам. Иза боьдучу луьрачу тІамца боьзна ца Іа. Поэтана дукхахболчу нахана ца гург го, цунна дукха хІума хаьа, хинйолу халонаш а, сингаттамаш а сема хеза. Цул сов, бусалба дин а, шен къоман барта кхолларалла а дика йевзаш хилла Сулаевна. Оцу хьелаша къастийна хилла поэтан нохчийн литературехь керлачу жанрийн лехамашна тидам тІебахийтар. И дерриг билгалдолу шен доІанашкахь поэтически гІирсашца цо хІиттош долу исбаьхьаллин суьрташ тидаме эцча.

Сулаевс нохчийн литературехь дуьххьара кхоьллина доІанаш. Уьш нохчийн фольклоран доІанех терра, диалогех пайдаоьцуш, цундела драмин билгалонаш йолуш, керлачу поэзин жанрехь йазйина исбаьхьаллин говзарш йу. И диалог, фольклоран доІанехь диалог санна, шатайпана йу. Поэта дуьйцуш дерг (кхайкхам, дехар) ша тешаш волчу вай Кхоьллинчуьнга хьажийна ду, амма цуьнгара къамелаца жоп хиларе сатесна дац. АллахІ-Дала къинхетам а бина, доІанехь деш долчу дехарна йоццачу хенахь йа заманан йохаллехь хиндолчу хьолаца жоп даларе сатесна ду. Цундела, нохчийн литературехь а, фольклорехь а доІанехь йолу диалог шина агІор дуьхь-дуьхьал къамел цхьаьна догІуш йац. ДоІанан диалог йацйина йа йуьззина йоцу диалог йу. Иза доІанан жанран коьртачех билгало йу ала тарлуш ду.

Нохчийн литературин поэзехь поэтан исбаьхьаллин говзалле хьаьжжина доІанан жанран башхалло цхьацца халонаш а, аьттонаш а кхуллу. Халонийн агІо йоьзна йу поэтан хІора дешан а, вастан а массо маьІнийн инзаречу жоьпаллица. Поэтан динца доьзна долу Іилманан, историн, философин, филологин Іилманийн кІорггера хаарш хила деза Кхоьллинчуьнга доІанца дехаре, кхайкхаме волуш. Ткъа аьттонех коьрта ду аьлла хетало поэтан доІанера лирически турпалхочуьнца цхьаьна шатайпа исбаьхьаллин цхьааллехь шен дог-ойла дешархочунна гайта аьтто баларца.

ХІокху статьяца дІаболо дагахь ду вай Сулаев Мохьмадан доІанаш а, кхийолу жанрийн говзарш а толлуш Іилманан болх. Кхузахь вай филологически тидам беш анализ йан хьовсур ду хьалхарчу доІина.

Сулаевн хьалхара доІа шина декъе декъало. Хьалхарчу декъехь поэта ша доІа дале, АллахІ-Деле кхайкхам бале, шен йерриге ойланца, дагца ша бина кечам буьйцу:

04 →

ХУУР ДУ ХЬУНА

Бусалба охІланах кхоьллина хьо волу
Ша цхьаъ веш, Элча бакъ велахь ва баьхна.
Хьох къайле ва йина, хьо кхалхон ва волу,
Хьайн Дела вицви ахь – хуур ду хьуна.

БІаьргаца, лергаца, ког-куьг хьан нисдина,
Могашаллин совгІатна хІара дуьне хаздина,
Дуьненан рицкъана йукъара ва хилла
Хьайн Дела вицви ахь – хуур ду хьуна.

Шен парзаш кхачушдар хьуна тІе диллина,
Дай, наний ва дезаш, лералахь, ва баьхна,
Уьш реза барца бен, гечдийр дац ва баьхна,
Делан дош дицди ахь хуур ду хьуна.

Кхоьллинчу вайн Деле хьо шайна вехча,
Къанделча, тишделча, Іалашдан везна,
Шаьш делча, дІадерзон йахь йолуш везна,
Дай, наний дицдий ахь – хуур ду хьуна.

Дуьненчу ваьлчахьана, хьох воккхавийна,
«Сан деган стом» бохуш, шен дагчохь хьистина,
Шен бІаьрган нур санна, хьо дукха везна,
Хьайн Дада вицви ахь – хуур ду хьуна.

Исс баттахь шен кийрахь хьо хала лелийна,
Дуьненчу ваьлчахьана, ахь дукха хьийзийна,
Шен дегІан са санна, хьо дукха везна,
Хьайн Нана йелхий ахь – хуур ду хьуна.

Ийманан гІиллакхаш шаьш хьуна хьехна,
Ламазций, мархиций нисвалар лехна,
Эхартан Іазапах хьо ларван лиъна,
Дай, наний делхий ахь – хуур ду хьуна.

Шаьш шайна кхоийна, мерзаниг дайна,
Нийсарел тоьллариг ахь йуха ва лиъна,
ГІелвелла хьо вайча, дог доьлхуш лелла,
Дай, наний делхий ахь – хуур ду хьуна.

Дай, наний чехадеш, йуьхьІаьржа хІиттош,
Шаьш санна болчарех и шиъ а хьегош,
Дел, ненал хьомсара хьайн зуда лоруш,
Церан дог дохий ахь – хуур ду хьуна.

Бакъ долу дай, наний – харц дина хьийзош,
Хьайн зуда бакъйина, и хьайха кхардош,
ДоттагІий, лулахой тІаьхьашха белош,
Осала лийли хьо, – хуур ду хьуна.

Къинхетаме шен бІаьргаш мел-хица белхош,
Набар-тар дІатоьттуш, кхиийна нана,
Хестаме эшарца хьан ага техкош.
Ма атта йицйи ахь – хуур ду хьуна.

Ваханчохь хьевелча, тоха са доцуш,
ЦІа варе сатуьйсуш, дегнаш бІарзделла,
Баланехь дахкийна хьайн цхьаъ бен доцу
Дай, наний дицди ахь – хуур ду хьуна.

Вайн Делан ва кхиэле вирзина ваьлча,
Цу Делан ва Іедал барт хетта доьлча,
Дех, ненах дерг хоьттуш, хьо хьийзо волийча,
Байттамал, пайда бац – хуур ду хьуна.

Шен парзаш, суннаташ кхочушдеш леллехь а,
Дай, наний резадеш, хьо хилла вацахь,
Делан дош чІогІа ду – гечдац ша аьлла.
Дакъаза ца вала – ойла йеш хила.

Дай, наний ва хьастий, къинт1ера даккхий,
Летийнчу къиношна хьо дохко валий,
Кхоьллинчу вайн Деле хьо нисвар дехий,
Валарна кечлохьа – карор ду хьуна.

Умаров Султан

МУСУЛЬМАН В МИРЕ С КАЖДЫМ ДНЕМ СТАНОВИТСЯ БОЛЬШЕ

Численность индейцев маори, исповедующих Ислам, стремительно увеличивается, и, по мнению ученых, это может быть связано с близкими ценностями культуры маори и Ислама. Маори – коренные жители островов Новой Зеландии. Их численность составляет порядка 750 000 человек.

По словам исследователя и эксперта-исламоведа из университета Виктории в Веллингтоне Айки Аркилич, перепись населения 1991 года показала, что численность мусульман национальности маори составляет 99 человек, тогда как перепись 2018 года показала уже 1160 представителей маори, исповедующих Ислам, передает IslamNews со ссылкой на Waatea News.

По мнению Аркилич, причина обращения индейцев в Ислам может быть во многом связана с общими ценностями – и мусульмане, и маори уделяют большое внимание уважению к старшему поколению и заботе о пожилых, а также в обеих культурах особую важность имеют семейные ценности, и даже традиция снятия обуви перед входом в места поклонения – общая для Ислама и культуры народа маори.

Зарема Ахмадова

ЙАЗДАРХОЧУН СУЛАЕВ МУХЬАММАДАН ДОIАНАШ

←03

«Сайн сица,
йуьхьаца
Хьоьгахьа вирзина,
Йерриге ойланца
Хьуна тIевирзина,
Меттан ницкъ берриг а
Сайн дагца гулбина,
Йо, Дела, со Хьоьга
Доьхуш ву тахана:…».

Нохчийн фольклорца исбаьхьаллин уьйраш билгал йовлу поэтан доIанан хьалхара могIанаш долалушшехь. Вай къастадо коьчалниг дожарехь доIанехь хьалхарчу стихашкахь коьрта долу ши дош: сица, йуьхьаца. Поэта тидаме оьцуш дерг, къастош дерг ду адамо деш долчунна жоьпаллин ши хIума хилар: стаг велча Кхоьллинчунна жоп дала дуьхьал хIуттун долу са а, лаьттах схьайаьлла йолу йуха лаьттан кийра гIон йолу дегIан чIуьйриг (чарх) а адаман йуьхьца (дагца) цхьаьна.

Сулаевн хьалхарчу доIанехь пайдаоьцуш вай лакхахь къастийначу шина дешан маьIница шен-шен уьйр йолуш дешнийн ши тоба йу:

Сица – ойла, хьекъал, корта;
Йуьхьаца – дог, мотт.

И дешнийн тобанаш къастош, реконструкци йеш вайна билгалйолу Сулаевс пайдаэцна нохчийн фольклорехь а, буьйцучу маттахь а поэтически формула хилла лелаш йолу дешнийн цхьаалла: дог-ойла. И дешнийн цхьаалла поэта ма-йарра шен кепехь доIанан текстехь йалийна йац. Амма и поэтан синкхетаман контекстехь хиларан тачанаш билгалдовлу хьалхарчу стихан коьртачу дешнийн тобанаш къастийча. Контекстехь йолу формулан дешнийн рогIалла а, цуьнца цхьаьна йукъара маьIна а хуьйцу Сулаевс, поэтана дика йевзаш йолчу фольклоран поэзехьа, буьйцучу маттахь а (халкъан философехь) хьалхадоккхуш–цундела коьрта ларалуш дерг дог ду. Масала, «Мусин Юсупан илли» тIехь Юсупа шен даге боху:

– Да велла диса хьо,
Кийрара дилхан дог,
Хьайна там ва хилча,
Йишин бер ва санна,
Ма коча качло хьо.
Хьайна там ца хилча,
Меца борз ва санна,
Ма чIогIа дарло хьо.
Сайн нанас биллинчу
КIедачу ва меттахь,
Хьешана диначу
Готтачу оти чохь,
Наб кхета ца вуьтуш,
Ахь чIогIа хьийзаво,
Кийрара дилха дог.
Диканна ва хуьлда
Хьан карзахдалар,
Сан ойла дIайаьхьна,
Сан синтем бохийна
Обарган хала дакъа
Ва соьга кхийдош,
Ахь чIогIа хьийзаво,
Кийрара дилха дог…(6).

ХIокху узаман жанран билгалонаш йолчу инзаре хазачу исбаьхьачу говзарехь дог гуттар а эпитеташца (кийрара, дилха) къастадо. Ткъа ша узам диалоган кепехь кхоьллина бу. Диалог узаман турпалхочо (Юсупа) шен дагца йеш йу. Юсупа карзах даьлчу шен даге бехкаш доху: даго вижа ца вуьтуш шен ойла дIайаьхьна хиларна, синтем бохийна хиларна, обарган хала дакъа шега кхийдорна. Даго дуьхьал жоп луш йалош йолу бакъонаш, бахьанаш онда а, мехала а хуьлий, йохье ваьккхина волу Юсуп къарло. И обарган буьрсачу новкъа волу. ТIехIуттун йолчу герггарчу хенахь инзаречу халонашкахь, кхерамашкахь ша-шен дог зуьйр дуйла а хоуьйта Юсупа.

Тидаме эца деза хIокху халкъан говзарехь а, буьйцучу нохчийн маттахь а коьрта маьIнин меттиг дIалоцуш дерг дог хилар. Вай йалийначу фольклоран говзарехь синан-ойланан маьIна долу дешнаш коьртачу могIарехь а дац, иэшаман позицехь а ду: (даго)ойла дIайаьхьна, (даго) синтем бохийна.

«Арадахарх узамехь» а билгалйоккху кийрара деган чIогIалла а, цуьнан коьрта хиларалла а:

«И чуьйна болат ма чIогIа ду, –
И сенчу цIаро лаладо,
Хьо стенах дина,кийрара дог?
Ма чIогIа хиллера хьо, кийрара дог,
Везчу Дала кхиэл йина,
Цу гуьржийн нехан лаам хилла,
Даймахках дала хьайга аьлча,
Ца дегира, ца дешира кийрар дог,
Хьо стенах дина хиллера хьо?
Ма чIогIа дина хиллера хьо?..» (7).

Шен даге хьажийна бу «Ваша вийначу йоьIан узамехь» цхьалха йисинчу, маьлха дуьне диттал дакъаз йаьллачу йоIа беш болу кхайкхам а:

«Ма делха-а,сан кийрар дог,
Хьо хьистинарг гур вац хьуна,
И ца гучу кху дуьненчохь
Лаьттан кийрахь
товр ду вайна…» (8).

Хьалха даге а кхойкхий, тIаккха шен сине йистхуьлу «Хьуьнхахь йисначу йоьIан узаман» лирически турпалхо а:

«Да велла диса хьо,
Сан кийрара дилха дог!
Хьайна ловза ца тоьъначу
Бaьссачу кийра
Хьо таIий дижа-кха.
Да велла диса хьо,
Хьан куралла йохийна,
Iожалла кхечи.
Да велла диса хьо,
Сан кийрара мерза са!
Вайша даккха ца хилла
Вайшинна орца,
Сан дегIах хьо къаста
Хан герга хилла,
ДIакъастий далахьа,
Да велла диса хьо!..» (9)

И. Б. Мунаев

СОБЛЮДЕНИЕ ПДД

ИСЛАМ И БЕЗОПАСНОСТЬ ДОРОЖНОГО ДВИЖЕНИЯ

В современной жизни нам часто необходимо успеть посетить несколько мест и никуда не опоздать, поэтому автомобиль становится почти спасением. Можно с уверенностью сказать, что почти в каждой семье есть машина, а иногда и две. Однако комфорт может стать причиной беды, если не соблюдать установленные правила и рекомендации.

Вождение – это большая ответственность, так как человек за рулем отвечает не только за свою жизнь, но и за своих пассажиров, за пешеходов. Поэтому соблюдение предписаний Всевышнего и правил дорожного движения приводит к снижению аварийности на дорогах, а игнорирование – к дорожно-транспортным происшествиям. Мусульманам следует сделать все возможное, чтобы избежать аварий. Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Каждый из вас – ответственный, и каждый из вас будет спрошен о том, за кого отвечал».

С точки зрения Ислама, соблюдение правил дорожного движения является обязательным и для автомобилистов, и для пешеходов. Мы знаем, что религия оберегает жизнь каждого из нас. В хадисе сказано: «Ты не наноси вреда другим и переноси вред, который другие нанесли тебе» (Ибн Маджа).

В Исламе запрещено любое убийство, так как Аллах создал человека для поклонения Ему и для жизни. Поэтому Ислам обязал государства устанавливать порядки, обеспечивающие защиту личности, спокойствие и безопасность людей. К подобным жизненно важным законам относятся правила дорожного движения, признанные и принятые во всём мире. Их соблюдение стало необходимостью, продиктованной здравым смыслом, шариатом и обществом.

Ислам призывает беречь жизни людей и их имущество. Несоблюдение расстояния между собственной и впереди идущей машиной очень часто приводит к несчастным случаям, травмам, гибели людей и порче имущества, что недопустимо по законам шариата. Поэтому мусульманам необходимо соблюдать правила дорожного движения.

Сколько кормильцев забрали аварии и оставили семьи с

маленькими детьми? Сколько юношей убила безрассудная скорость на дорогах? Разве не видели мы здоровых людей, у которых сильное столкновение забрало конечности, и они в одночасье стали инвалидами, прикованными к постели на всю жизнь?

Если обратиться к статистике ГИБДД, то можно обнаружить, что наиболее частые причины ДТП – превышение скорости, выезд на полосу встречного движения и управление транспортом в состоянии опьянения. Однако спешка также порицается в Исламе. В хадисе говорится: «Спешка исходит от шайтана, а спокойствие – от Аллаха» (Тирмизи).

Ислам призывает отцов воспитывать сыновей с осознанием важности соблюдения законов и прививать им благородные качества, чтобы они уважали чувства и права других людей. Также родители-мусульмане должны стать хорошим примером для своих детей в безопасном вождении.

Однако часто и пешеходы рискуют своей жизнью и жизнью детей, переходя улицу в неположенном месте. Они проявляют халатность к повелениям Всевышнего, который призывает: «Делайте пожертвования во имя Аллаха и не ввергайте себя собственными руками в гибель. Вершите добро, ибо, воистину, Аллах любит добродеющих» (сура «аль-Бакара», 2 / 195).

Можно увидеть и тех, кто желает перейти дорогу по пешеходному переходу, но водители проезжают, даже не пытаясь сбавить скорость. Мы — мусульмане, и должны соревноваться в подобных поступках, быть высоконравными и уступать дорогу пешеходам. Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Религия – это доброжелательность» (Муслим, «Иман», 95).

Поэтому искренне верующий человек всегда будет добр к окружающим и будет нести ответственность за свою и чужую жизнь. Ведь, совершая благие дела, мы стремимся заработать довольство Всевышнего. Пусть чаша наших добрых дел наполняется каждый день и пусть Аллах даст возможность каждому защищать и оберегать жизнь других людей во имя Творца!

«Ислам и семья»

НОВОСТИ

В ГУДЕРМЕСЕ ПОЯВИТСЯ ПАРК С ПАМП-ТРЕКОМ И ЗОНОЙ ОТДЫХА У ВОДЫ

В городе Гудермесе реализуется проект парка, одержавшего победу по итогам VI этапа Всероссийского конкурса Минстроя России по нацпроекту «Жильё и городская среда».

Специалисты приступили к устройству будущих мостов, а также конструкций навеса с качелями. Параллельно возводится комната для молитвы. В общей сложности на территории городского парка появится порядка 20 объектов: спортивная и детская площадки, зона питания, «пляж», беседки, фотозоны и др.

«Городской парк имени Ахмата-Хаджи Кадырова станет крупным местом для досуга. Ради удобства горожан территория спроектирована с разнообразием тематических зон. Изюминкой парка станет его природный потенциал. Будет организован спуск к воде, а водные преграды будут пересекать экотропы. Не забыли также и о любителях активного отдыха - в парке выделена спортивная зона, включающая в себя памп-трек, скейт-площадку, воркаут и др.», - рассказала замминистра строительства и ЖКХ ЧР Алиса Ибрагимова.

В настоящее время во всех малых городах Чеченской Республики реализуются проекты-победители конкурса, проводимого Минстроем России. В общей сложности до конца года жители получат 7 городских парков.

ИА «Грозный-информ»

ДИЙЦАР

БЕКХАМ

Ибаев Русланан схьавалар Жимчу АтагIара ду. Соьлжа-ГIалахь кхиамца йуккъера школа чекхъйаьккхинчул тIаьхьа кооперативни техникумехь доьшу цуо. Шина шарахь Советскийн Эскарехь гIуллакх а до. Цигара цIа вирзича товаровед, ревизор, тайп-тайпана сурсаташ дуккучу туьканахь белхаш бо.

Дика спортсмен хилла иза: охьатухуш латарехь масуттузза Нохчийн Республикан чемпион хIоьттина.

Йаздан волавелла школа йаьккхинчул тIаьхьа.

Оха довзуьйту шуна Ибаев Русланан йозанаш.

Йитарний, йисарний бохуче кхаьчнера Къосуман шен зудчуьнца даьлла дов. ЧIоггIа неI а тухуш араваьлла волу хIара дукха хан йалале веара йуха чу. Кхунна тIаьхьхье бохург санна кхечира кхуьнан дешичин кIант Аьрсби а.

– Со схьакхечи-кх, кхин цхьа а веаний? – аьлла, хаьттира цо, гIеххьа сакъерадаларца, шен ши куьг вовшах а хьакхош.

– Кхин цхьа а веана хилча-м, со хIун деш хир вара кху чохь, корехула ара а хьоьжуш. Кхин цхьаьнга-шинга ала-м аьлла ас… Къосума шен къамел хадийра, ша кхайкхина волу ши лулахо вогIуш гича.

– Схьанехьа валийша ший а. Сайн бен гIуллакх а, бала а бац бохург-м дацара сан хIара, делахь а накъост оьшуш йогIу-кх меттиг…

Кхин сеца ца деллачух тера дара Сепиятан кийрара даьлла оьгIаза-дегабааме аз:

– Со йаллалц Дела а ма волийла хьуна къинтIера, ма бехк боцуш хьийзайо ахь со. Оцу кепара хIун даьлла соьгара, ахь йитина дIайахийттал… Йелхаран къурдаш сецо гIертара Сепият, шен йуьхьа тIехула охьаоьху бIаьрхиш коьртарчу йовлакхан тIомаца дIа а хьоькхуш. ХIусамехь цхьа шатайпана хIоьттина йолу девнан хьу, йохо санна, вистхилира шина лулахочух воккхо хеташ верг, цо ша цхьа кIоргга ойла йинчуха элира:

– АхIа… Доккха дов. Цхьаъ лартIехь доцийла-м хиира тхойшинна, ахь, тIе а ца вогIуш, геннара мохь тоьхча. Вуьшта, оццул генадаьлла гIуллакх хилла хилар-м дагахь а дацара… Йа хIара дош а ма дац.

– Уьш дуьтур вай! – элира, мелла а оьгIазло шен кийрахь къуьйлучу Къосама, – дегабаамашший, белхаршший, хьехамашший хьехо нах буьйлабелча, лалуш вац со. Доцца дийцича, хIара зуда ас йуьтуш, тоьшаллина хIитта дош долуш дуй шу? ХIокху бахьаница дара сан шуьга кхайкхар а… ЛадогIаран тийналла гIеххьа йахйала йоьлча, Аьрсби а хьайра жимма меттаха ша хиъначуьра.

– Аьрсбис хIун эр ду ца хаьа, вуьшта, тхаьшшинах жоп-м лур ду охашимма. Цкъа-делахь, дош дуй-даций бохург ца хета суна нийса. ШолгIа-делахь, хIокху кIоршаме хIуманна йуккъе а хIоьттина, тхаьшшиннах оцу Iачу Сепиятан чам а бойур бацара. КхоалгIа, тхан цунна ала вочух хIумма дац, иза дика лулахо хилар бен. Тхо оцу хIуманна тIехь накъостий дац хьуна, – аьлла, шаьшшинна бехк цабиллар дехна, ши лулахо араваьлча, Къосума, корах ара а хьожуш:

– Хьайн ирс хили хьан тахана, зуда. Кхин тешаш леха хIуттар вац со, оцу кепара бехкбоккхуш къамел сайга кховдийча. ГIеххьа со йуьхьIаьржа а хIуттуш доьрзуш доллу хIара. Баккъал аьлча-м, со а вацара катоьхна хьох вала сакIамделла а, – аьлла, доггах велавелира. Йуха Аьрсби волчухьа а вирзина, шен къамел кхечу тIегIан тIе теттира Къосума, хIумма а ца хилча санна:

– Ванах, хIун хили хьан оцу айхьа йустийначу старгIанах. Барт хилирий шун?

– ХIан-хIа. Ас хIоттийначу механа реза ца хилира уьш. Цара кхийдочунна со а вацара башха чухьаьдда. Кхана, Дала мукъ лахь, урс а хьаькхна, айса жижиг дохка дагахь ву-кх, эцца базарахь.

– Ца богIу мах хир бу ахь бехнарг?

Цунна жоп дала дагахь Аьрсбис бага гIаттошехь, чуьра арайолучу Сепията Iоттарца дIайаьккхира шен кийрахь Iаьткъинчу лазамийн дуьхьалара, ша садиттина йолу гIортор:

– Бу, дера-кх, кхеран мича йиш йу наха боьху мах хIотто. Дала мукъ лахь, хIумма а хир ма дац хьуна цунах, сан къа бахьанехь а. Ван а веаний, тоьшалла дан. Дог гойтуш хир ду шу…

Кхана Iуьйранна цхьанхьа йаха йаьллачу Сепиятна гира, некъана дехьа йоккха рагI а хIоьттина, жижиг дохош воллу Аьрсби. Сепият, цкъа ша-шена йела а къежна, йуха, сихха дIайолайелира жижиг дуккучу агIор. Йукъара гергарло ца хедачу кепара, шен аз цхьа гIеххьа иллин тIегIан тIе а далийна, элира:

– Ватта, кIант, къиэн йели хьан хIара старгIа, пекъар, чIогIа цомгаш а ма йара хIара. Урс таса-м ларийна бохура, чарх йовха йоллушехь…

Карара диг гоьргах дIа а тухуш, Аьрсби хьаланислучу йукъана дуккха а некъ туьйхира цуьнан ойланийн архаша. Цкъаделахь, саьхьарчу ойлано дог харцахьа дохура, ткъа даг чуьра дIахьаьддачу цIийно хье чохь хIоьттинчу пхьалгIин массо а гIирс кхалийнера. «ХIан-хIа», – бохура хье чуьра къестамийн жамI дечу декъо, – «хIинца йолчу кепаца ахь хьайн йуьхь-сибат дIагайтахь, хьан пайданан терза доьжна хиларна шеко хир йоций хаалахь… хаалахь… хаалахь…» Аьрсби кхиира шен йуьхь тIера бос хийцабалале массаьрга дIаса а хьаьжна, корта ластош велакъажа а, оццу тIегIан тIехь забар йечуха вистхила а:

– ЭхIеэ-э-хIей, хьо йе Дала хIаллак, мичахь хилла хIара цомгаш… Хьера-м ца йаьлла хьо, дIайала, ма йе и Iовдал забарш, нахана а цхьаъ моттуьйтур ду ахь…

– Забарш? Забар хьаха йац иза-м. Бакъдерриг ду-кха. Бакъдерриг! – аьлла, кIажа а хьовзош, Сепият, шен карарчу тIоьрмиг чуьра ахча схьаоьцу кеп а хIиттош, жижиг дуккучу могIарца дIайолайелира. Жижиг эца хIиттина болу зударий, шаьш къестийна долу, хIинца а озаза, нисделла жижиган дакъош дIасакерчо хIиттира, дегазаллица пIелгаш а Iуьттуш. ТIаккха, цхьацца-шишша йоьдуш, жижиг дуккучу кхечу могIаре хIиттира. Шена хьалха Iохку жижиган дакъош, оцу зударшна тIаьхьа ца лестош дика висира Аьрсби.

Иштта хиира-кх суна тхан йуьртахь, цхьацца забаре къамелаш деш тхо пхьоьханахь лаьттачу хенахь «Аьрсбис дакъийна жижиг санна» боху дустар хIун бух болуш ду а, мичара схьадаьлла хилла а.

Ибаев Руслан

ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!
32 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.
Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.

Учредитель:
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров
Основатель газеты М. Д. Заурбеков
Главный редактор Ф. М. Заурбекова

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
Телефон: 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori-islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 24.05.2023 г. 15:00. Подписано в печать: 24.05.2023 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии издательства ООО «Плаза». Адрес: 357748, г. Кисловодск, ул.Седлогорская, 161. Индекс издания ПА882.

16+